# Qállibek Kamalov haqqında jáne bir jańa kitap

Image not found or type unknown

**Jaqında Tashkent qalasındaǵı «Yangi Asr» baspaxanasınan Ózbekstan Jazıwshıları awqamınıń aǵzası, shayır hám awdarmashı, Ózbekstanǵa xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri, Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen jurnalist Yangiboy Qwchqorovtıń «Burgutga bosh egmagan Bars» atamasındaǵı jańa romanı basıp shıǵarıldı.**

Avtor óziniń bul jańa dóretpesinde  “El-yurt hurmati” ordeni iyesi, Miynet Qaharmanı, elimizdiń aqsaqalı Qállibek Kamalovtıń qıyın hám maqtanıshlı miynet jolı tuwralı keń túrde sóz etedi. Shıǵarmada jazıwshı bir insan ómiri arqalı qaraqalpaq xalqınıń sońǵı júz jıllıǵındaǵı turmısına názer saladı. Atap aytqanda, avtor bas qaharman obrazı arqalı U.Yusupov, Sh.Rashidov, D.Qonaev, P.Seytov, M.Jumanazarov, N.Japaqov, N.Mahmudov sıyaqlı iri tulǵalardıń el ushın islegen sawaplı islerine toqtap ótedi.

Romanda tek ǵana Nókis, Tórtkúl, Taqıyatas, Xojeli, Shomanay, Qanlıkól, Qońırat, Moynaqtıń emes, al, Beruniy, Ámiwdárya, Ellikqala, Qaraózek, Taxtakópir, Shımbay, Kegeyli hám Nókis rayonlarınıń da tariyxı hám búgingi kúnine baylanıslı maǵlıwmatlar jazılǵan.

Sonday-aq, hújjetli romanda bas qaharmannıń balalıq dáwiri, yaǵnıy, ótken ásirdiń otızınshı jıllarındaǵı elimiz basına túsken awır turmıs kórkemlew quralları arqalı keńnen sáwlelenedi. Ásirese, bas qaharmannıń ákesi Kamal Nurjan ulınıń kórkem obrazı qaraqalpaqlardıń qanshelli dárejede dana, miynetkesh hám keńpeyil xalıq ekenligin dáliylleydi.

Al, 1985-1989-jıllardaǵı K.Salıqov hám T.Gdlyan basshılıǵındaǵı “desantshılar” jol qoyǵan nahaqlıqları anıq epizodlar járdeminde ashıp beriledi.

Eń baslısı, hújjetli romanda búgingi abadan elimizdiń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan kóplegen azamatlardıń atları hám islegen mártlik isleri bar.

Bul kitap búgingi hám keleshek áwlad ushın ana-Watanǵa súyispenshilik sezimlerin oyatadı, dep oylaymız.

Adilbay Orazov,

Qaraqalpaqstan xabar agentligi sholıwshısı